

FEMA ak Patnè Teritwa yo ap Mennen yon Egzèsis Pwen Distribisyon Kominotè

Release Date: August 3, 2021

ST. CROIX, Zile Vyèj Etazini - Mwa pase, FEMA te dirije sal klas ak egzèsis teren pou pwen distribisyon administratè teritwa a ak anplwaye lojistik Zile Vyèj Etazini. Yo te gendwa itilize anplwaye lojistik FEMA yo pou kontwole sit distribisyon pou evènman pi devan.

Pandan Inisyativ Repons Siklòn teritwa a ak Capstone pandan sezon prentan ki sot pase a, li te klè ke nouvo administratè pwen distribisyon nan Zile Vyèj Etazini yo te bezwen rekrite ak resevwa fòmasyon.

“Kowòdinasyon pandan atelye Capstone ane sa a ant FEMA ak patnè nou yo nan Zile Vyèj Etazini yo te mennen nan fòmasyon Pwen Distribisyon Kominotè mwa pase a. Kounye a dministratè pwen distribisyon yo gen kapasite pou òganize ak distribye pwodui premyè nesesite pou sipòte moun Zile Vyèj nan moman yo gen plis bezwen,” se sa Mark A. Walters, Kowòdonatè Biwo Zòn Karayib FEMA Zile Vyèj Etazini a te di. “Menm jan lè nou travay ansanm amelyore kapasite nou pou reponn ak dezas, li toujou enpòtan anpil pou moun Zile Vyèj yo prepare tèt yo ak fanmi yo ak omwen 10 jou manje, dlo ak medikaman pou yo siviv jiskaske Pwen Distribisyon Kominotè yo etabli.”

Kowòdone distribisyon manje, dlo, prela, ak lèn esansyèl pou diminye soufrans imen ak bay pwodui premyè nesesite ki ka sipòte lavi sivivan dezas yo. Dezas ki gen ladan siklòn ak tranblemanntè souvan deranje chenn apwovizyonman, fèmen magazen, epi ranpli pò ak wout yo ak debri sa ki rann aksè ak manje, dlo ak lòt materyèl enpòtan difisil.

Chemen ki mennen nan etabli Pwen Distribisyon Kominotè yo kòmanse lontan anvan aparisyon dezas yo. Sekouris k ap mennen operasyon esansyèl sa yo dwe resevwa fòmasyon ak pare pou ede sivivan lè moman sa a rive.



FEMA

Page 1 of 5

Ekip Asistans Jesyon Ensidan Rejyon 2 a te sipòte fòmasyon administratè pwen distribisyon selon demann Ajans Jesyon Ijans Teritwa Zile Vyèj ak Depatman Sèvis Imèn nan. Gad Nasyonal Zile Vyèj yo bay pèsonèl ak machin pou egzèsis teren yo.

Kimberley Causey-Gomez, Kominsyonè Depatman Sèvis Imen an te di "Li enpòtan anpil pou Zile Vyèj Etazini yo, ak espesyalman Depatman Sèvis Imen Zile Vyèj yo jwenn fòmasyon ki ajou nan tout domèn preparasyon pou dezas, ki gen ladan Pwen Distribisyon Kominotè." "Nou vrèman rekonesan pou patnè federal ak lokal nou yo, FEMA ak VITEMA ak lòt Fonksyon Sipò Ijans, 6 ajans sipò pou asire rezulta efikas pou tout kalite ak gwosè menas ak danje, kidonk amelyore rezilyans nan nivo lokal. Amelyore konfyans piblik nan repons nou anvan, pandan ak apre dezas enpòtan tou. Nou ankouraje kominote nou an pou yo dilijan nan prepare tèt yo ak kontinye rete an sekirite pandan tout danje, " se sa Causey-Gomez te di.

Volontè Zile Vyèj/Òganizasyon Kominotè Aktif nan Dezas te patisipe nan fòmasyon pwen distribisyon yo tou. Yon gwoup 56 etidyan te asiste fòmasyon an nan St Croix Educational Complex, Bertha C. Boschulte Middle School sou St Thomas epi ki twouve li nan St John Rescue.

"Fòme endividé nan kominote a ak konesans sou fason pou byen jiere pwen distribisyon kominotè yo esansyèl. Sit sa yo vin tounen kote kle pou distribye manje ak dlo ak kenbe kalm nan kominote nou an apre yon dezas natirèl, tankou yon siklòn, "se sa Daryl Jaschen, Direktè VITEMA te di. "Mwen trè kontan ak kantite volontè ki vle patisipe ak travay ansanm ak VITEMA, Gad Nasyonal, Depatman Sante, ak FEMA pou sipòte yon jefò konsa, si jamè bezwen an rive," se sa Jaschen te di.

Menm lè FEMA ak GVI ap travay pou amelyore kapasite yo pou reponn ak dezas Zile Vyèj ta dwe prepare pou rete endependan pou konsekans imedya yon siklòn ak aksyon pou pwoteje pwopriyete yo. Moun ki gen andikap ak lòt moun ki gen aksè ak bezwen fonksyonèl gendwa gen plis konsiderasyon. Jwenn plis fason pou prepare nan <http://vitema.vi.gov/ready/build-a-kit>.



FEMA

Page 2 of 5



St John, Zile Vyèj Etazini, 19 jiyè 2021 -- Daryl Jaschen, Direktè Ajans Jesyon Ijans Teritwa Zile Vyèj, (sant), rankontre ak manm Ekip Asistans Jesyon Ensidan Rejyon 2 a, anplwaye lojistik Zile Vyèj Etazini FEMA ak patnè Depatman Sèvis Imèn ak Renmen Vil Fò pandan yon egzèsis teren Pwen Distribisyon Kominotè nan Gifft Hill. FEMA/Geri Purvis



FEMA

Page 3 of 5



St Croix, Zile Vyèj Etazini, 13 jiyè 2021 -- Manm Ekip Asistans Jesyon Ensidan Rejyon 2 a, anplwaye lojistik Zile Vyèj Etazini FEMA ak patnè Depatman Sèvis Imèn Zile Vyèj Etazini te mennen yon egzèsis teren Pwen Distribisyon Kominotè nan Educational Complex. FEMA/Geri Purvis



FEMA

Page 4 of 5



St Thomas, Zile Vyèj Etazini, 15 jiyè 2021 -- Manm Ekip Asistans Jesyon Ensidan Rejyon 2 a, te mennen yon klas sou Pwen Distribisyon Kominotè pou anplwaye lojistik Zile Vyèj Etazini FEMA ak patnè Depatman Sèvis Imèn Zile Vyèj Etazini ak Depatman Sèvis Imen Zile Vyèj Etazini nan Bertha C. Boschulte Middle School. FEMA/Geri Purvis



FEMA

Page 5 of 5